



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO AK MAJISTRA MIKE BLOOMBERG LANSE PWOGGRAM POU RETRASE KONTAK COVID-19 K'AP MENNEN NAN NASYON AN POU KONTWOLE TO ENFEKSYON AN**

*Pwogram retrase kontak New York a pral fèt an kowòdinasyon ak reydon sid la ansanm ak New Jersey ak Connecticut*

*Bloomberg School of Public Health nan Johns Hopkins University a dwe bati kourikoulòm sou entènèt ak pwogram fòmasyon pou moun k'ap retrase kontakte yo*

*NYS DOH la pral travay avèk ekip Bloomberg Philanthropies a pou idantifye ak rekrite kandida pou retrase kontak yo, ansanm ak anplwaye DOH yo, envestigatè ki soti nan ajans Eta yo, Dè santèn moun pou retrase k'ap soti nan reydon sid ak etidyan SUNY ak CUNY yo nan domèn medikal yo*

***Patenarya ak Vital Strategies' Resolve to Save Lives pou founi konsèy operasyonèl ak teknik***

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Mike Bloomberg te anonse yon nouvo pwogram pou retrase kontak COVID-19 kap mennen nan nasyon an pou kontwole to enfeksyon maladi a. Mike Bloomberg ak Bloomberg Philanthropies te angaje sipò òganizasyonèl ak asistans teknik pou ede bati ak egzekite nouvo pwogram sa a. Pwogram pou retrase kontak yo pral fèt an kowòdinasyon avèk reydon sid ansanm ak New Jersey ak Connecticut epi li pral sèvi kòm yon resous enpòtan nan kolekte pi bon pratik ak kòm yon modèl ke yo ka repwodui nan tout nasyon an. Pa janm gen yon pwogram pou retrase kontak ki ko aplike nan echèl sa a swa nan New York oswa nenpòt kote nan Etazini an. Pwogram lan pral lanse imedyatman.

Kòm yon pati nan efò sa a, Bloomberg School of Public Health nan Johns Hopkins University pral bati Kourikoulòm sou entènèt ak pwogram fòmasyon pou moun k'ap retrase kontakte yo. Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYS DOH) pral travay avèk Bloomberg Philanthropies pou ede idantifye ak rekrite kandida pou retrase kontak pou pwogram fòmasyon an, ki enkli anplwaye k'ap soti nan Depatman Sante Eta a, envestigatè nan divès ajans eta, dè santèn moun pou retrase kontak k'ap soti nan reydon sid konte yo ak etidyan SUNY ak CUNY ki nan domèn medikal yo. Bloomberg Philanthropies pral travay tou avèk Eta New York pou etabli yon panèl ekspè pou revize travay pwogram lan, epi pou kreye yon modèl meyè klas pou lòt eta yo ka itilize pou retrase kontak.

Efò a gen ladan yon patenarya avèk Resolve to Save Lives (Rezolisyon pou Sove Lavi), ki se yon inisyativ Vital Strategies (Estrateji Vital), pou founi konsèy operasyonèl ak teknik pou anplwaye Depatman Sante Eta New York yo. Yo pral ede nan devlopman pwotokòl sant apèl ak solisyon dijital pou rapidman katalize pwogrè ak akselere dewoulman travay la; epi detèmine meyè fason pou ogmante angajman kominotè ak konpreyansyon wòl retrase kontak la antanke yon zouti sante publik.

Bloomberg Philanthropies te angaje 10.5 milyon dola, ansanm ak sipò òganizasyonèl ak asistans teknik, pou ede bati ak egzekite nouvo pwogram sa a.

"Chif yo endike ke nou depase somè pandemi sa a, epi pandan ke nou kòmanse travay nou yo pou re-ouvri ekonomi nou an, nou dwe asire nou ke nou ap fè li nan yon fason ki pa fè okenn mal epi ki p'ap defèt tout travay ak sakrifis sa koute pou rive la a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Youn nan pati ki pi enpòtan pou retounen nan yon nouvo lavi nòmal se ogmante tès yo, men eta yo gen yon dezyèm gwo travay - se mete ansanm yon lame moun pou yo retrase chak moun ki te teste pozitif, chèche konnen ki moun yo te kontakte answit izole moun sa yo. Patenarya sa a avèk Mike Bloomberg pou kreye yon pwogram kap retrase kontak san parèy k'ap mennen nan nasyon pral jis fè sa epi sèvi kòm yon modèl pou rès nasyon an."

"Nou tout anvi kòmanse relache restriksyon sou lavi kotidyèn nou ak sou ekonomi nou an. Men, nan mezi pou fè sa san danje jan sa posib, premye nou dwe mete an plas yon sistèm pou idantifye moun ki te ekspose a viris la ak sipòte yo pandan yo izole yo", **Deklarasyon Michael Bloomberg, ki se fondatè Bloomberg Philanthropies ak Bloomberg LP, majistra pandan twa manda nan vil New York.** "Se yon onè pou m kolabore avèk Gouvènè Cuomo ak Eta New York pou ede fè sa, nan kreye yon nouvo pwogram pou retrase kontak sou yon echèl elaji. Makonnen ak plis tès, pral ede nou kwense viris la - sove lavi ak pèmèt plis moun kòmanse retounen nan travay."

Pandan ke eta a ap kontinye travay li yo pou aplani koub la, li enpòtan pou retrase kontak a gwo echèl pou re-ouvri kominate yo yon fason ki san danje epi responsab pandan y'ap prezève sante publik la. Retrase kontak ede anpeche pwopagasyon yon viris nan sèvi avèk tès pou konfime si yon moun gen COVID-19 la, fè entèvyou ak moun sa yo pou idantifye ak ki moun yo te ka an kontak pandan maladi yo ak pandan kèk jou anvan sentòm yo te kòmanse, atenn kontak yo pou alète yo sou risk pou yo enfekte epi answit refere kontak yo bay founisè medikal epi mande moun ki pa malad yo rete lakay yo pandan 14 jou pou asire yo pa pwopaje COVID-19 la bay lòt moun yo.

Retrase kontak se yon zouti sante publik pwouve ki ka ede "metrize" viris la pwofondman. Plizyè peyi, tankou Almay, Sengapou ak Kore Disid, itilize tras kontak ak efikasite nan kad epidemi COVID-19 la. Kòm rezulta, peyi sa yo kapab re-ouvri pou biznis pi vit epi yo te fè eksperyans ak mwens ka lanmò ak to enfeksyon ki pi ba.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)